# Илимий-инновациялық жойбарлардың көргизбесине бағышланған Форум шөлкемлестирилди

Жоқары оқыў орынлары ҳәм илимниң күшли бәсекиге шыдамлы системасын жаратыў бүгинги күнниң әҳмийетли бағдарларынан бири есапланады.

Дүнья тәжирийбесиниң көрсетиўинше илимий мағлыўматлар менен изертлеўлердиң нәтийжелеринен пайдаланыў илимге инвестициялардың киргизилиўин көбейтеди, мәмлекетте алып барылып атырған илимий изертлеўлердиң сапасын арттырады ҳәм нәтийжелилигин күшейтеди.

Image not found or type unknown

Жоқары оқыў орынлары менен илимий шөлкемлерди буннан былайда раўажландырыў, оларды ислеп шығарыў менен байланыстырыў, бирге ислесиўин жетилистириў мақсетинде Инновациялық раўажланыў министрлигинде илимий-инновациялық жойбарлардың көргизбесине бағышланған Форум шөлкемлестирилди.

Усы форумда Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары Мурат Жумановта қатнаспақта.